CHII CHINONZI DUS?

DUS inomirira ***distinct***, ***uniform*** uye ***stable***. Kuti mbeu izonyorwa mugwaro renyika rembeu (*National Variety List*) inofanira kunge iine zvinotarisirwa neDUS.

- ***Distinct*** zvinoreva kuti mbeu yacho inofanira kunge yakasiyana nedzimwe mbeu dzose.
- ***Uniform*** zvinoreva kuti mbeu yacho inofanira kuburitsa zvirimwa zvakafanana—zvakaenzana urefu neruvara—mwaka wega wega.
- ***Stable*** zvinoreva kuti mbeu yacho haizochinji kana yava kudyarwa mwaka nemwaka.

Zvisinei, varimi vane minda midiki vanodyara mbeu isina zvataurwa izvi. Vanoda mbeu dzakasiyana-siyana dzinokwanisa kuchinja zvichienderana nenzvimbo dzavanorima uye kwavanozotengesera zvirimwa zvavo. Nokudaro zvavanokohwa hazvikwanisi kuenderana neDUS.

ZVINOITWA NEDUS KUVARIMI VANE MINDA MIDIKI

DUS inouchika mbeu dzinoenderana nevaya vanorima chirimwa chimwe chete panzvimbo uye zvinoda mishonga yekurimisa inodhura. Izvi hazvibatsiri varimi vazhinji vari muAfrica, avo vane minda midiki, avo vanoda kurima zvirimwa zvakasiyana-siyana ukuwo vasingakwanisi fetireza inodhura.

DUS ine chinangwa chekupa varimi vemapurazi makuru mbeu yemhando yepamusoro, neuwandu hwekuti hunoshayisa simba mbeu dzinorimwa nevarimi vane minda midiki avo vanenge vava nemakore nemakore vachirima mbeu idzodzo.

Zvinofungidzirwa kuti kune mbeu inodarika 75% yezvirimwa zvepasi pano yakatsakatika nokuti varimi vakarega kuzvirima vachida kurima zvakafanana sezvinodiwa neDUS.

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duducoelho.com